

## IGITABO CA MOSE CA MBERE CITWA

### ITANGURIRO

*Imana irema ijuru n'isi  
n'ibirimwo vyose*

**1** Ubga mbere na mbere Imana yaremye ijuru n'isi. **2** Isi yar' ikir' i buziba, yarik' ubusa gu-sa, kand' umwiza war' upfutse ida-mba: kandi Mpwemu w'Imana yatambatamba hejuru y'amazi. **3** Imana iravuga, iti Ni habeh' umuco: umuco ubaho. **4** Imana ibona umuco kw ari mwiza: ira-he-za itandukanya umuco n'umwiza. **5** Imana yita umuco umurango, umwiza iwita ijoro. Buragoroba, buraca: uwo n'umusi wa mbere.

Job 38:4-  
Is 42:5;  
5:18.  
Joh 1:3.  
Dl 1:16.  
Eb 1:10;  
1:3.  
Yah 4:11.  
Er 4:23.  
Kor 4:6.

Job 37:18.  
Ab 33:7.  
Er 10:12.

Job 38:8,  
10, 11.  
Lab 33:7;  
95:5.  
Ver 5:22.

II  
Zab 104:14.

14  
Zab 104:19.  
Yer 10:2.  
Yow 2:30,  
31.  
Mat 24:29.  
Luk 21:25.

**6** Imana iravuga, iti Ni habeh' itāzānure hagati y'amazi, rita-ndukanye amazi n'ayandi. **7** Imana iraritāzānura, itandukanya amazi yo musi y'itāzānure n'ayo hejuru yaryo: biba kuno. **8** Maz' iryo tāzānure Imana iryita Ijuru. Buragoroba, buraca: uwo n'umusi ugira kabiri.

**9** Imana iravuga, it' Amazi yo musi y'ijuru n'akoranire hamwe, i musozi na ho ni haboneke: biba kuno. **10** Maz' i musozi Imana ihita Isi, ikoraniro ry'amazi na ryo iryita Ibiyaga: Imana ibona kw ari vyiza. **11** Imana iravuga, it' Isi n'imere ivyatsi, n'ibimera vyose vyama utubuto, n'ibiti vyama ivyamwa vyavyo ukw amoko yavyo ari, birimw' imbuto zavyo, kw isi nyene: biba kuno. **12** Nukw isi imera ivyatsi n'ibimera vyose vyama utubuto ukw amoko yavyo ari, n'ibiti vyama ivyamwa birimw' imbuto zavyo, ukw amoko yavyo ari: nukw Imana ibona kw ari vyiza. **13** Buragoroba, buraca: uwo n'umusi ugira gatatu.

**14** Imana iravuga, iti Mw itāzā-

nure ry'ijuru ni habeh' ivyāka vyo gutandukanya umurango n'ijoro; bibēreho kuba ibimenyetso, no kwerekana ibihe, n'imisi n'imyaka: **15** kandi bibe ivyāka vyo mw itā-zānure ry' ijuru vyo kwākira isi: biba kuno. **16** Imana irema ivyāka bibiri binini, icaka kinini co ku-ganza umurango, n'icaka gitoya co kuganza ijoro, bo n'innyenyeri. **17** Imana ibishira mw itāzānure ry'ijuru kugira ngo vyākire isi, **18** biganze umurango n'ijoro, bitandukanye umuco n'umwiza; Imana ibona kw ari vyiza. **19** Buragoroba, buraca: uwo n'umusi ugira kane.

**20** Imana iravuga, iti Mu mazi ni hasegenyuke isegenya ry'ibifise ubugingo, kand' ibiguruka ni bigruke hejuru y'isi mu kirere c'ijuru. **21** Imana irema ibifi binini-binini, n'ibifise ubugingo vyose bigenda-genda, ivyasegenyutse mu mazi, nk'ukw amoko yavyo ari, n'ibi-guruka vyose bifise ivyubi, ukw amoko yavyo ari: Imana ibona kw ari vyiza. **22** Imana irabihezagira, iti Ni murondoke, mugwire, mwuzure mu mazi yo mu biyaga, n'ibiguruka ni bigwire mw isi. **23** Buragoroba, buraca: uwo n'umusi ugira gatantu.

**24** Imana iravuga, it'Isi n'izane ibiri n'ubugingo, nk'ukw amoko yavyo ari, vy' ibitungano n'ivyikwega hasi n'ibikōko vyo mw isi, nk'ukw amoko yavyo ari: biba kuno. **25** Nukw Imana irema ibikōko vyo mw isi, nk'ukw amoko yavyo ari, n'ibitungano, nk'ukw amoko yavyo ari, n'iviyikwega hasi vyose, nk'ukw amoko yavyo ari: Imana ibona kw ari vyiza. **26** Imana iravuga, iti Tureme

Gus 4:19.  
Zab 136:7-9.

18  
Yer 31:35.

Zab 104:25,  
26.

26  
Ita 3:22;  
5:1; 9:6;  
11:7.  
Zab 8:6-8.  
Yes 6:8.  
Yak 3:7, 9.

27 Mal 2:14,  
15.  
Mat 19:4.  
Mrk 10:6.  
1 Kor 11:7.  
Ef 4:7.  
Kol 3:10.  
28 Ita 9:1, 7.  
Lew 26:9.  
1 Tim 4:3.

29 Yob 36:31.  
Zab 104:14,  
15;  
145:15,  
16.

30 Zab 104:27,  
28; 147:9.

31 Zab 104:24.  
1 Tim 4:4.

2 Kuv 20:11;  
31:17.  
Heb 4:4.

umuntu mw ishusho yacu, ase natwe: aganze amafi yo mu kiyaga, n'ibiguruka mu kirere, n'ibitungano, n'isi yose, n'ivyikwega vyose, bigenda bikwega inda hasi. 27 Nukw Imana irema umuntu mw ishusho yayo, mw ishusho y'Imana ni ho yamuremye; irema abantu bar' uburyo bubiri. 28 Maz' Imana irabahezagira, iti Ni murondoke, mugwire, mwuzure isi tuyiganze; mugabe amafi yo mu kiyaga, n'ibiguruka mu kirere, n'ibifise ubugingo vyose bigendagenda kw isi. 29 Imana irababgira, it'Ehe ndabahaye ivyatsi vyose vyama utubuto biri kw isi yose, n'igitu cose cama ivyamwa birimw' imbuto zavyo: bibabere ivyo kurya vyanyu. 30 Kand' ibikoko vyose vyo kw isi, n'ibiguruka mu kirere vyose, n'ivikwega hasi vyose birimw' ubugingo, mbihaye ivyatsi bitotahaye vyose, ngo bibe ivyo kurya vyavyo: biba kuno. 31 Nukw Imana yi-hweza ivyo yaremye vyose, kandi vyari vyiza cane. Buragoroba, buraca: uwo n'umusi ugira gatandatu.

### *Imana yeza umusi ugira indwi*

**2** Ijuru n'isi binonosorwa kure-mwa, bo n'ibirimwo vyose vy' isinzi. 2 Ku musi ugira indwi Imana inonosora ibikorwa vyayo yakoze; iruhuka ku musi ugira indwi ibikorwa vyayo vyose yakoze. 3 Nukw Imana ihezagira uwo musi w'indwi, irawenza: kukwari wo Imana yaruhukiye kw ibikorwa vyayo vyose, ivyo yaremye kandi yakoze.

### *Uburyo Imana yaremye abantu ba mbere*

4 Aya ni yo mamo y'ijuru n'isi igihe vyaremye, umusi Uhoro Imana yaremyekw isi n'ijuru. 5 Kandi nta gati ko ku misozi kari-bgabeho kw isi, nta n'akatsi ko ku misozi karibgamere, kuk' Uhoro Imana ataribgakureire imvura kw isi, kandi nta muntu yariho wo kuyirima; 6 arikw igipfungu cadauga kiva kw isi kigatosa isi yose. 7 Uhoro Imana abumba umuntu

mu mukungugu wo hasi, amu-humekera mu mazuru impwem'u y'ubugingo; umuntu aca aba üfise ubugingo. 8 Uhoro Imana atunganya itongo muri Edeni, mu ruhande rw'i burasirazuba: arishiram' uwo muntu yabumvye. 9 Uhoro Imana ahameza igiti cose c'igikundiro kibereye kuribga, ameza n'igitu c'ubugingo hagati mur' iryo tongo, ameza n'igitu kimenyekanisha iciza n'ikibi. 10 Kand' uruzi ruturuka muri Edeni rwo kunywesha iryo tongo; ruharenganye, rwigabanyamwo kune. 11 Urwa mbere rwitwa Pishoni: ni rwo rukikuje ighihu cose c'i Havila, kirimw' izahabu: 12 kand' izahabu yo mur' ico gi-hugu ni nziza; aho ni ho haba ivyitwa budola<sup>1</sup> n'utubuyenge twi-twa shohamu. 13 Uruzi rwa kabiri rwitwa Gihoni: ni rwo rukikuje ighihu cose c'i Kushi. 14 Uruzi rwa gatatu rwitwa Hide-keli, ni rwo ruca hino y'ighugu citwa Ashuri. Uruzi rwa kane rwitwa Efurate.

15 Uhoro Imana ajana wa muntu, amushira mur' iryo tongo ryo muri Edeni, ngw aririme, arizigame. 16 Uhoro Imana abarira uwo muntu, at' Igitu cose co mur' iryo tongo ukiryek' uk' ugo-mba; 17 arikw igiti kimenyekanisha iciza n'ikibi ntuz' ukirye: kuk' umusi wakiriyeko, uzopfa nta kabuza.

18 Uhoro Imana aravuga, ati Si vyiza k'uyu muntu yibana wenyene; hinge ndamuronderere umufasha bikwiranye. 19 Nukw ibikoko vyose vyo ku misozi n'ibiguruka mu kirere vyose, ivyo Uhoro Imana yari yabumvye mw ivu, abizanira uwo muntu ngw arabe ingen' avyita amazina: kand' uwo muntu uko yise ikiri n'ubugingo cose, rica riba izina ryaco. 20 Uwo muntu avyita amazina uhoreye ku bitungano vyose no ku biguruka mu kirere no ku bikoko vyo mw ishamba vyose: arikw nti-habonekamw' umufasha akwiranye n'umuntu. 21 Maz' Uhoro Imana asinziriza uwo muntu ubu-

8 Ita 13:10.  
Yes 51:3.

9 Ita 2:17;  
3:22.  
Iyah 22:2,  
14.

II Ita 25:18.  
1 Sam 15:7.

14 Dan 10:4.

19 Ita 1:20,  
24.

21 Ita 15:12.  
1 Sam 26:12.

7 Ita 3:19;  
7:22.  
Yob 33:4.  
Umus 12:7.  
1 Kor  
15:45, 47.

<sup>1</sup> Budola n'ibirirarira biva ku gitu, bimota neza bigakoreshwu nk'umuti.

tikoma, arasinzira: amukūramw' urubavu rumwe, ahōmeka inyama mu gishingo carwo. 22 Urwo rubavu Uhoraho Imana aküye mur' uwo muntu, arukūramw' umugore, amuzanira uwo muntu. 23 Maz' uwo muntu aravuga, at' Uyu n' igufa ryo mu magufa yanje, n'akara ko mu mara yanje: azokwitwa Umugore kuko yaküwe mu Muggabo.<sup>1</sup> 24 Ni co gituma umuntu azosiga se na nyina, akabana n' umugore wiwe akaramata, bakaba umubiri umwe. 25 Kand' uwo mugabo n'umugore wiwe bompi bāgenda amēnya, ariko ntivya-batera isoni.

*Ukw icaha caje mw isi*

**3** Inzoka yarusha ubugunge ibi-koko vyose vyo mw ishamba Uhoraho Imana yaremye. Ibaza uwo mugore, iti Mbega n'ivy' ukuri koko yukw Imana yavuze, ngo Ntimurye ku giti na kimwe co mur' iri tongo? 2 Umugore yishura iyo nzoka, at' Ivyama ku biti vyo mur' iri tongo twemererwa kubiryia: 3 arikw ivyama ku giti kiri hagati mw itongo, ni vy'Imana yatubujije, ngo ntibiryeko, canke ngo tunabikoreko, kugira ngo two-ye gupfa. 4 Iyo nzoka yishura uwo mugore, iti Haba n'intete ntimuzopfa; 5 kukw Imana izi yuk' umusi mwabiriyeko, amaso yanyu azokwihiweza, mukamera nk' Imana ku vyo kumenya iciza n'ikibi.

6 Uwo mugore abonye ico giti yu'k w'ar' ikibereye kuribga, kandi ko gihimbaye mu jisho, ar' igiti co kwifuzwa kimenyesha ubengene, yamura ku vyo camye, arabirya, ahako n'umugabo wiwe bāri kumwe, na we ararya. 7 Amaso yabo bompi arihweza, bamanya yuko bagenda amēnya, badandikanya ibibabi vy'imisukoni, birokneramw' uduocerwa. 8 Bumva ijwi ry'Uhoraho Imana agenda-genda mur' iryo tongo mu gihe c'akayaga ko ku kagoroba: uwo muntu n'umugore wiwe binyegeza mu biti vyo mur' iryo tongo,

ng'Uhoraho Imana ntababone. 9 Uhoraho Imana ahamagara uwo muntu, aramubaza, at' Uri hehe? 10 Aramwishura, ati Numvise ijwi ryawe mw itongo, ndatinaya, kuko ndi gusa, ndinyegeza.

<sup>10</sup> Yob 23:15.

11 Aramubaza, ati Ni nde yaku-bariye ko wambaye ubusa? Mbe-ga wariye kuri ca giti nakubujije kuryako? 12 Uwo muntu aramwishura, at' Umugore wampaye ngo tubane, ni we yampaye ku vya ca giti, ndaryia. 13 Uhoraho Ima-na abaza uwo mugore, at' Ico wakoze ico n'igiki? Uwo mugore aramwishura, at' Inzoka yampenze, ndabirya. 14 Uhoraho Imana abarira iyo nzoka, ati K'ukoze ivyo, ubaye ikivume mu bitungano vyose no mu bikōko vyose vyo mw ishamba: uzohora ukwega inda hasi, uzorya umukungugu imisi yose y'ukubaho kwawe. 15 Nzoshira inyankane hagati yawe n'uyu mugore, no hagati y'uruvyaro rwawe n'urwiwe: ruzogukome-retsa umutwe, nawe uzorukome-retsa igitsintsiri. 16 Kand' abarira uwo mugore, ati Nzogwiza rwose umbabaro wawe ufise inda; uzo-kwama uvyyara abana ubabara; kand' umugabo wawe uzomuhoranira inyota, na we azokuganza.

<sup>12</sup> Inrig 28:13.

17 Abarira Adamu<sup>2</sup> na we, ati Ko wumviye umugore wawe, ukarya ku giti nari narakubujije, nti Ntuse ukiryeko: uzaniye ivu umuvumo; uzokwama urya ibirivamwo ubiru-hiye, imisi yose y'ukubaho kwawe; 18 rizohora rikumerera imikire n'ibitovu, arik' uzotungwa n'ibiriman vyo mu ndimiro; 19 kwiri-rwa urabira akuya ni kwo kuzogu-hesha ivyo kurya uz' urinde usubira mw ivu, kukw ari ryo waktuwemwo: ur'umukungugu, kand' umukungugu ni wo uzosubiramwo. 20 Uwo muntu yita umugore wiwe Eva,<sup>3</sup> kukw ari we nyina w'abari n'ubugingo bose. 21 Uhoraho Imana aronkera Adamu n'umugore wiwe imyambaro y'insāto, arabambika.

<sup>14</sup> Yes 65:25.

<sup>15</sup> Mat 1:23,

<sup>25</sup> Luk 1:34,

<sup>35</sup> Rom 16:20.

<sup>36</sup> Gal 4:4.

<sup>37</sup> Iyah 20:1-

<sup>3</sup> 3.

<sup>16</sup> Yoh 16:21.

<sup>1</sup> Kor 11:3.

<sup>2</sup> Ef 5:22-24.

<sup>22</sup> Tit 2:5.

<sup>17</sup> Yoh 1:21.

<sup>2</sup> Ita 5:29.

<sup>23</sup> Umuus 2:22,

<sup>22</sup> Rom 8:20-

<sup>22</sup> 22.

19 Yob 34:15.

20 Uwo muntu yita umugore wiwe Eva,<sup>3</sup> kukw ari we nyina w'abari n'ubugingo bose. 21 Uhoraho Imana aronkera Adamu n'umugore wiwe imyambaro y'insāto, arabambika.

22 Uhoraho Imana aravuga, at'

<sup>22</sup> Ita 2:9;

<sup>3</sup>:5.

<sup>1</sup> Mu Giheburayo, umugabo ni Ish, umugore ni Isha.

<sup>2</sup> Adamu risobanurwa, ng'Umuntu.

<sup>3</sup> Eva risobanurwa ng'Ufise ubugingo.

Eh' uyo muntu ahindutse nk'imwe  
 muri twebge, ku vyo kumenya  
 iciza n'ikibi: none rero yohava  
 atuma ukuboko, akamura no ku  
 giti c'ubugingo, akarya, akazo-  
 kwamah' ibihe bidashira. 23 Ni  
 co catumye Uhoraho Imana amu-  
 kura mur' iryo tongo ryo muri  
 Edeni, ngw aje kurima ivu yakū-  
 wemwo. 24 Nuko yirukana uwo  
 muntu; kandi mu ruhande ruhera  
 i burasirazuba rw'iryo tongo ryo  
 muri Edeni, ahashira Abakerubi,<sup>1</sup>  
 bo n'inkota yaka umuriro, itanga-  
 tanze impande zose, ngw itangire  
 inzira ija kuri ca giti c'ubugingo.

<sup>24</sup>  
 Ita 2:8.  
 Zab 104:4.  
 Heb 1:7.

*Iowa Kovini na Abeli*

La Sainte Bible en Rundi

053P

© B.F.B.S. 1967

IMPRIMÉ EN ANGLETERRE